

IGISATA CA VERMONT HEALTH ACCESS

Porogaramu Zijanye n'Ububiko bw'Imiti Igitabo



GreenMountainCare
A HEALTHIER STATE OF LIVING

Ibirimwo

Ikaze muri Porogaramu yawe y’Imiti ya Vermont.....	4
Magendu, Gupfisha ubusa, no Kurenga amategeko	4
Porogaramu ya Healthy Vermonters	4
Porogaramu za VPharm: VPharm ya 1, VPharm ya 2 na VPharm ya 3	5
Gusobanukirwa Uburyo bwawe bwo Guhabwa Umuti bwa PDP.....	5
VPharm ya 1: Ibiciro	6
VPharm ya 2: Udushirikabute.....	6
VPharm ya 3: Udushirikabute.....	6
Ukwo Medicare PDP yawe Iteguyey.....	6
Imiti ikurwamwo na Medicare, Imiti ya Over-the-counter (OTC).....	7
Amahera ntarengwa (canke Copays).....	7
Ikarata ya Karangamuntu Yawe.....	7
Abaja mu Batanga	7
Porogaramu za Farumasi kuri Vermonters na Medicare	8
Porogaramu zo Kwiziganiriza za Medicare.....	8
Abagenerwabikorwa ba Medicare Bujuje Ibisabwa (QMB).....	8
Abagenerwabikorwa ba Medicare Baronka Amahera Make (SLMB).....	8
Abujuje Ibisabwa (QI-1)	8
Kuriha Porogaramu Yawe y’Ibanze ya VPharm	9
Kuriha Mu Buhinga bwa None	9
Uburenganzira n’Uruhara Rwawe	9
Ayandi ma Porogaramu y’Ababa i Vermont.....	10
Ivyipfuzo vyo Kubaho n’Ingingo z’Intangamarara	10
Gutanga Urugingo rw’Umubiri.....	11
Gusangira Amakuru n’Uwuguha Mitiwere	12
Icandiko c’Amategeko Agenga Ubuzima Bwite	12
Porogaramu y’Ubuziranenge.....	12
Ingorane no Gutanga Ibirego.....	13
Igihe Utemera Ingingo Yerekeye Inyungu Zawe za Farumasi	13
Iyo Kwunguruza Vyanswe muri Medicare PDP yawe.....	13
Kwunguruza ku Ngingo ya Vpharm yo Kwanka	14
Kwumviriza mu Mburano ku Cemezo co Kwanka ca DVHA	15
Kubandanya Inyungu za Farumasi.....	16
Ikirego	16
Gusaba Kworoherezwa.....	17
Urashaka ubufasha?	18
Igisata Citaho Abakiriya ca Vermont Health Connect na Green Mountain Care.....	18
Impinduka Muri Raporo.....	18
Ibiro Bijewe Gukurikirana Ibibazo vy’Ubuvuzi (HCA)	18
Ayandi makuru	18

Ayandi ma Porogaramu Atari Aya Farumasi.....	19
Serivisi za Adult Day.....	19
Porogaramu Itanga Serivisi z’Imibereho Myiza	19
Serivisi Zifasha Abana (CIS).....	19
Serivisi Zifasha Abana – Ubufasha bwa Mbere (CIS-EI).....	20
Serivisi Zifasha Abana	20
Amavuriro Abana Bakeneye Ubufasha bw’Ubuvuzi bw’Umwihariko (CSHN).....	20
Choices for Care.....	20
Serivisi zifasha Abafise Ubumuga bwo Kudakura.....	20
Porogaramu yo Gufasha mu Buryo Bw’Amafaranga	21
Ubufasha bw’Umuryango	21
Ubufasha Bukoresha Ubuhinga bwa None	21
Serivisi zirebana n’Uburaro.....	22
Ubuvuzi Bw’Umwihariko	22
Serivisi Z’Umwihariko	22
Porogaramu Ivura kandi Isuzuma Hakiri Kare Kwumva ya Vermont	22
Ubuzima bwo mu Mutwe	22
Serivisi Z’Abakuze Batarara.....	23
Serivisi z’Abana, Imiyabaga, n’Imiryango.....	23
Gusubiza mu Buzima Busanzwe no Kuvura	24
Serivisi zihutirwa.....	24
Porogaramu yo Kuvura Ubwonko Bwakomeretse.....	24
Porogaramu y’Abakenyezi, Ingimbi, n’Abana (WIC).....	24
Ibikoresho vy’Inyongera Aho Uba.....	24

Gitugutu 2023

Ikaze muri Porogaramu yawe y’Imiti ya Vermont

Porogaramu zifasha mu bubiko bw’imiti muri Vermont bukorwa n’Ishami Rijejwe Amagara y’Abantu rya Vermont (DVHA). Porogaramu zo gutanga imiti ziri kuri uru rutonde. Zimwe zose zifise amategeko ngenderwako yazo n’uturusho kugira bazihitemwo.

Iki gitabu mfashanyigisho ntigitanga amakuru ku turusho twa farumasi turonkwa biciye kuri Medicaid. Nimba ufise Medicaid ukaba ushaka amakuru ajanye n’uturusho twa farumasi, canke ukaba utazi porogaramu urimwo, hamagara Igisata Kijejwe Kwitaho Abakiriya ca Vermont Health Connect hamwe na Green Mountain Care kuri 1-800-250-8427. Hamagara hagati yo kuwa Mbere no kuwa Gatanu sa 8:00 zo mu gitondo kugera sa 4:30 z’umugoroba (barafunga mu biruhuko).

Magendu, Gupfisha ubusa, no Kurenga amategeko

Urwego Rudasanzwe Rujejwe Iperereza (SIU) rukora ibishoboka kugira hubahirizwe ingendo yo kuvugisha ukuri muri Porogaramu ya Medicaid kandi igakora n’ibikorwa bijanye no gukumira, gutahura no gutohoza ivyaha nk’igiturire, isesagurwa ry’umutungo n’ihohoterwa vyakozwe n’umukozi wa Medicaid canke umukiriya. SIU irahumuriza umunyagihugu atanga amatagisi ko amahera akoreshwa bikwiriye ku neza y’amagara n’imibereho myiza y’abakeneye gufashwa.

Iyo wiketse uwutanga serivise ya Medicaid c’uwushaka service ya Medicaid bakoze ubunyonyezi, bononye canke bakubaguye uyu mugambi wa Medicaid, wobishikiriza kubabijejwe aribo the SIU biciye mu nzira zikurikira:

Urubuga ngurukanabumenyi: <https://dvha.vermont.gov/>

Fyonda: Tanga amakuru ku bunyonyezi, kwonona canke kubugurwa kwa Medicaid

Fyonda: Kukibaza c’Ubunyonyezi canke Kwonona

Imeli: ReportMedicaidFraud@vermont.gov

Terefone: 802-241-9210

Aderesi imeli:

Urwego Rujejwe Amaperereza Yihariye rwa DVHA

NOB 1 South, 280 State Drive

Waterbury, VT 05671-1010

Fax: 802-871-3090 (fax yihuse ku “Rwego Rujejwe Amaperereza Yihariya rwa DVHA”)

Porogaramu ya Healthy Vermonters

Iyi porogaramu itarihishwa yemerera ababa i Vermont badafise iyindi mitiwere kugura imiti igurwa ku giciro kigabanije. Nimba ufise Healthy Vermonters, farumasi yawe ishobora gusaba muri DVHA. DVHA ntizoriha, ariko ayo uzoriha farumasi ni ku rugero ruto rwa Vermont Medicaid, atari ku giciro nyezina farumasi igurishako.

Porogaramu za VPharm: VPharm ya 1, VPharm ya 2 na VPharm ya 3

Porogaramu za VPharm zifasha ababa i Vermont badakwije ibisabwa na Medicaid kandi bakaba banditswe mu Buryo bwo Guhabwa Imiti na Medicare (Medicare PDP) hamwe n'ibindi biciro bijanye. Uko ibi bikora: Iyo umu PDP wawe wa Medicare akurihiye ubuvuzi bwawe, fagitire y'amahera yose asigaye aheraniwe farumasi ishobora kuca irungikirwa VPharm. VPharm izorihira ayo mahera ikagusigariza kwirihira gusa \$1 na \$2, bivaneye n'igiciro c'umuti.

Gusobanukirwa Uburyo bwawe bwo Guhabwa Umuti bwa PDP

Uburwo bwo guhabwa umuti muri Medicare bwa PDP ni uburyo bukoreshwa cane mu Gice ca D ca Medicare ariko kandi bushobora no kuboneka mu Gice ka C kitwa "Medicare Advantage Plan." Iyo tuvuze uburyo bwa PDP bwo guhabwa umuti muri Medicare, tuba tuvuze uburirwa n'Agace ka C canke Agace ka D muri Medicare. **Izi porogaramu zigengwa n'ibigo vya Medicare n'ivya Serivisi za Medicaid (CMS). Nimba ukeneye gufashwa kwiyandikisha muri Medicare PDP:**

- 1) **Hamagara 1-800-Medicare (1-800-633-4227)** abakoresha TTY bashobora guhamagara **1-877-486-2048**
- 2) **Ja kuri medicare.gov**
- 3) **Hamagara Porogaramu ya Reta Ishinzwe Gufasha Mitiwere (SHIP) ku Kigo c'Akarere ku Murongo Wagenewe Abashaje kuri 1-800-642-5119**

Porogaramu ya VPharm (isanzwe izwi kandi nka Porogaramu ya Reta Ifasha Gutanga Imiti (SPAP) ifasha kurihira imiti abantu bari muri Medicare PDP kandi badafise mitiweri iriha iyo miti. **VPharm ishobora kandi kuriha amahera asabwa ku kwezi ya Medicare PDP yawe.**

VPharm iri mu bice bitatu, VPharm 1, VPharm 2, na VPharm 3. Porogaramu yose ifise amategeko yayo yo kujamwo n'inyungu bijanye. Abayirimwo bategerezwa kuguma bari muri Medicare PDP kugira bagume muri VPharm. Medicare PDP yawe niyo ya mbere mu ziriha imiti yawe na porogaramu ya VPharm. Kugira VPharm ifashe kuriha Medicare PDP yawe, utegerezwa kwiyandikisha muri porogaramu y'intara ya Vermont. Vyongeye, utegerezwa gukoresha VT itanga imiti yanditse kugira uronke mitiwere biciye kuri VPharm.

Ayo ma porogaramu ya VPharm atwarwa na DVHA, kandi amakuru yerekeye ukuntu biyandikisha muri imwe muri izi porogaramu iboneka hituwe Igisata Kijejwe Kwitaho Abikiriya ca Vermont Health Connect na Green Mountain Care kuri 1-800-250-8427. Hamagara hagati yo kuwa Mbere no kuwa Gatanu sa 8:00 zo mu gitondo kugera sa 4:30 z'umugoroba. (Ntibakora mu minsi mikuru).

VPharm ya 1: Ibiciro

Abanywanyi ba VPharm 1 bariha ibiciro vya mitiwere vya \$15 ku kwezi. Gutyo, VPharm 1 iriha:

- Igitigiri c'amafaranga ya PDP y'ukwitegekaniriza mu kwivuza (LIS) "Extra Help" ntabwo yishurwa, kugeza ku mafaranga menshi. (Igitigiri kinini c'amafaranga y'umwaka ni ibipimo Vyateguwe na CMS. Ibi bihinduka tariki ya 1 y'ukwa^{mbere}. buri mwaka.) **VPharm ishobora kutariha igiciro cose ca mitiwere ya Medicare PDP igihe uri muri Medicare PDP ivuguruwe.**
- Medicare PDP yishurira hamwe igabanywa, ukwitegekaniriza kwa hose n ibindi bihombo ku mishahara itaba yategekanijwe (LIS canke “Ubushasha burenze”, mu gihe gito canke mugihe kinini ku miti yose yatanzwe na Medicare PDP.
- Imigwi imwe y'imiti itishurwa na Medicare PDP (harimwo OTC medicine, amavitamine amwemwe hamwe n'imiti y'inkorora n'iyugukanya)
- Ibikoresho vya Diyabete
- Igipimo kimwe c'ijisho n'igipimo c'imfatakibanza kimwe buri myaka ibiri bikozwe na muganga w'amaso

VPharm ya 2: Udushirukabute

- Abanywanyi ba VPharm ya 2 bariha igiciro ca mitiwere ca \$20 ku kwezi.

VPharm ya 3: Udushirukabute

- Abanywanyi ba VPharm 3 bariha igiciro ca mitiwere ca \$50 ku kwezi.

VPharm 2 na VPharm 3 ziriha:

- Igitigiri c'amafaranga ya PDP y'ukwitegekaniriza mu kwivuza (LIS) "Extra Help" ntabwo yishurwa, kugeza ku mafaranga menshi. (Igitigiri kinini c'amafaranga y'umwaka ni ibipimo Vyateguwe na CMS. Ibi bihinduka tariki ya 1 y'ukwa^{mbere}. buri mwaka.) **VPharm ishobora kutariha igiciro cose ca mitiwere ya Medicare PDP igihe uri muri Medicare PDP ivuguruwe.**
- Medicare PDP yishurira hamwe igabanywa, ukwitegekaniriza kwa hose n ibindi bihombo ku mishahara itaba yategekanijwe (LIS canke “Ubushasha burenze”, mu gihe gito canke mugihe kinini ku miti yose yatanzwe na Medicare PDP.
- Imigwi imwe y'imiti itishurwa na Medicare PDP (harimwo OTC medicine, amavitamine amwemwe hamwe n'imiti y'inkorora n'iyugukanya)
- Ibikoresho vya Diyabete

Ukwo Medicare PDP yawe Itegyeyey

- Mu gufasha kugumiza ibiciro hasi, Medicare PDP yawe isaba abayitanga kwandika urutonde rw'imiti yitwa “formulary.” Imiti imwe imwe yo kuri formulary isabwa

kwemezwa ubwa mbere na Medicare PDP imbere y'ukwo bayiriha. **Kwongera gusaba iyitemejwe n'Urwego Rutunganya ivya Medicare, raba igice “Iyo Utemeranya n'Igikorwa.”**

Imiti ikurwamwo na Medicare, Imiti ya Over-the-counter (OTC)

- Hari ubwoko bw'imiti Medicare PDPs idasabwa kuriha. Iyo bayita “Imiti Yakuwemo na Medicare” kandi muri rusangi irimwo imiti ya OTC, ama vitamine amwe amwe hamwe n'imiti imwe imwe y'inkorora. DVHA iriha imwe muri iyi miti, imwe ishobora gusaba ko yemezwa imbere kugira irihwe. Mu gusaba uruhusha, uwutanga akwiye kwuzuza urupapuro rutanga uruhusha imbere kuri: <https://dvha.vermont.gov/forms-manuals/forms/pharmacy-prior-authorization-request-forms-and-order-forms> hanyuma rugatangwa kuri DVHA.
- Igitigiri gito c'imiti ya OTC irihwa kuri VPharm, iyo ni imiti rusange. Urutonde rwuzuye rw'iyi miti rushobora kuboneka ku murongo ngurukana bumenyi wa DVHA kuri <https://dvha.vermont.gov/providers/pharmacy/drug-coverage-lists>.
- Porogaramu zacu ntizirihwa imiti ifatwa nk'iyikigeragezwa canke itemejwe n'Urwego Rujejwe Kugenzura Imiti (FDA).

Amahera ntarengwa (canke Copays)

Igihe ufise VPharm (1, 2, or 3) uzotegerezwa kuriha igiciro ntarengwa ca \$1 canke \$2.

- Igihe Reta isabwa kuriha \$29.99 canke muni, amahera ntarengwa yawe azoba ari \$1.
- Igihe Reta isabwa kuriha \$30 canke arenga, amahera ntarengwa yawe azoba ari \$2.

Igihe usabwa kuriha ayarenga \$2.00, baza nimba uwudandaza imiti yahaye fagitire Green Mountain Care canke ushobora guhamagara Igisata Kijejwe Kwitaho Abakiriya muri Green Mountain Care.

Ikarata ya Karangamuntu Yawe

Ikarata ya Karangamuntu Yawe ya Green Mountain Care izorungikwa iwawe. Uzoyerekane kuri farumasi. Igihe utaronse Ikarita ya Karangamuntu yawe mu kiringo c'ukwezi uronse iki gitabo mfashanyanyigisho, canke igihe utakaje ikarata yawe, hamagara Igisata Kijejwe Gufasha Abakiriya kuri 1-800-250-8427 hanyuma usabe iyindi. Igihe ufise urutonde rw'imiti ya mitiwere ya Medicare, ereka uwuyiguha ikarata za mitiwere zawe zompi.

Abaja mu Batanga

Abatanga bakwandikira urutonde rw'imiti- hamwe na farumasi aho wuzuriza urutonde rw'imiti – bategerezwa kuba bari muri porogaramu zacu. Abatanga n'amafarumasi muri Vermont bari muri porogaramu zacu. Igihe ufise ibibazo ku batanga imiti bacu hamwe na farumasi, hamagara Igisata Kijejwe Kwitaho Abakiriya kuri 1-800-250-8427 canke urabe ko uwutanga canke farumasi yanditswe, genda kuri <http://www.vtmedicaid.com> hanyuma ufyonde kuri Provider Look-up.

Porogaramu za Farumasi kuri Vermonters na Medicare

Amakuru y'ukwiyandikisha ku Bufasha Bwiyongera ashobora kuboneka uhamagaye Ikigo cawe c'Akarere Gishinzwe Abageze mu za Bukuru, Ibiro vya Porogaramu ya Reta Ishinzwe Mitiwere (SHIP) kuri 1-800-642-5119 canke ibiro vy'Ikigo canyu gishinzwe Kwitegekaniriza.

Low-Income Subsidy (LIS) canke “Extra Help”

Abanywanyi biyandikishije muri Medicare bashobora kwemerwa mu bufasha bwo kurahirwa ibiciro vy'urutonde rw'imiti muri porogaramu y'Uburongozi bwo Kwitegekaniriza bwitwa Low-Income Subsidy (LIS), bwitwa kand “Extra Help”. LIS iriha ibiciro vya mitiwere vy'ukwezi, ibiciro bigabanywa ku mwaka, hamwe n'urutonde rw'imiti irwaha biciye ku mahera ntarengwa bifitanye isano na Porogaramu y'Urutonde rw'Imiti ya Medicare. Green Mountain Care izofasha kuriha amahera atarihwa na Porogaramu y'Urutonde rw'Imiti ya Medicare canke “Extra Help”. Abanywanyi ba Porogaramu zo Kwiziganiriza za Medicare ubwo nyene bashirwa muri Low Income Subsidy (LIS) canke “Extra Help”. **Abanywanyi bamwe bamwe bashobora gusabwa gusaba kuja muri Low-Income Subsidy ku mwaka.** Amakuru ku buryo bwo gusaba arashobora kuboneka kuri iri huza:

<https://www.ssa.gov/ssi/>

Porogaramu zo Kwiziganiriza za Medicare

Abanywanyi bamwe bamwe ba VPharm bafise uburyo buke bashobora kuba mu bafashwa kuriya mitiwere ya Medicare Igice A na B. Porogaramu zifasha abantu kuriha Porogaramu zifasha abantu kuriha Medicare A na B zitwa Porogaramu zo Kwiziganiriza za Medicare. Abatanga bategerezwa kuba muri porogaramu za Medicare na Medicaid igihe ushaka porogaramu zose kuriha. Porogaramu ziri kuri uru rutonde:

Abagenerwabikorwa ba Medicare Bujije Ibisabwa (QMB)

Iriha ibiciro vya Medicare Igice A n'Igice B, ayagabanywa, igice vy'amahera ya mitiwere, n'amahera ntarengwa.

Abagenerwabikorwa ba Medicare Baronka Amahera Make (SLMB)

Iriha imishahara y'uturusho Medicare Igice B gusa.

Abujije Ibisabwa (QI-1)

Iriha imishahara y'uturusho Medicare Igice B gusa.

Igihe wemerewe kuronka iyi mfashanyo, warabimenyeshejwe igihe waronka ikete ryerekeye mitiwere ya VPharm. **Nta biciro vya mitiwere vyo ku kwezi kuri Porogaramu zo Kuziganya za Medicare.** Nimba utatowe ukaba wibaza ko wari ukwiye kuba urimwo, hamagara Igisata Kijejwe Kwitaho Abakiriya kuri 1-800-250-8427 ku bindi bisobanuro. Nta biciro vya mitiwere kuri Porogaramu zo Kuziganya za Medicare.

Kuriha Porogaramu Yawe y'Ibanze ya VPharm

Birakenewe cane ko uriha ibiciro vyawe vyo ku kwezi kuri porogaramu zacu igihe uronse fagitire ya mbere, ubwo mitiwere ishobora gutangura itariki ya mbere y'ukwezi gukurikira. Utegerezwa kubandanya uriha ku mwanya, kugira ntutakaze mitiwere yawe canke ugire ibirarane. Abanywanyi bose muri porogaramu za farumasi, kiretse abagize Porogaramu ya Healthy Vermonters, bategerezwa kuriha ibiciro vya mitiwere ya Vermont kugira babandanye kuronka mitiwere.

Igihe utakaje fagitire yawe y'agashirukabute, hamagara Igisata Kijejwe Gufasha Abakiriya umenye ayo uheranye n'ingene uriha.

Kuriha Mu Buhinga bwa None

Nimba udashaka kuguma uriha fagitire buri kwezi, ushobora gusaba ko amafaranga azoza arihwa bikozwe n'ubuhinga bwa none aho amahera akurwa kuri konte yawe buri kwezi.

Igihe ufise ibibazo vyerekeye igiciro ca mitiwere yawe canke ukwo utegura kuriha mu buhinga bwa none, hamagara Igisata Kijejwe Kwitaho Abakiriya.

Uburenganzira n'Uruhara Rwawe

Urafise uburenganzira bwo:

- Kwubahwa
- Kutirengagizwa
- Gutora no guhindura abaguha mitiwere
- Kuronka amakuru kuri serivisi n'abatanga porogaramu yawe
- Kuronka amakuru akwiye kandi agezweho yerekeye amagara yawe mu majambo wumva
- Kudakumirwa mu ngingo zerekeye ubuvuzi bwawe, harimwo no kwishurwa ibibazo n'uburenganzira bwo kwanka ubuvuzi
- Kubaza no kuronka kopi ya kahise k'amagara yawe no gusaba ko bagahindura igihe amakuru atariyo

- Ronka icyumviro ca kabiri kivuye ku nzobere iri muri Vermont Medicaid
- Gutanga ikirego kuri porogaramu yawe canke ubuvuzi bwawe (raba urupapuro rwa 16 igihe ukeneye ayandi makuru)
- Kurindwa uburyo bwose bwo kwiyumanganya canke bwo kwigunga bukoreshwa nk'uburyo bwo gutoteza, indero, kuborohera, canke kwirengagiza
- Saba kwunguruza igihe wankiwe serivisi wibaza ko ukeneye. Raba urupapuro rwa 14 ku yandi makuru.

Utegerezwa kandi kwitaho amagara yawe mu:

- Kubwira uwuguha mitiwere ukwo umeze na kahise k'amagara yawe
- Kubaza ibibazo igihe ushaka ayandi amakuru canke udatahura ikintu
- Kubandanya ubuvuzi mwemeranije n'uwuguha mitiwere
- Kugumana gahunda yawe canke guhamagara hakiri kare nimba utazobasha kuboneka
- Kumeya ivyerekeye amategeko ya porogaramu yawe kugira umenye ikoresha neza ry'ama servise ushobora kuronka
- Gerageza ube ufise abo wisunga bava ku Muganga wawe wo mu Buvuzi Bwihuse (PCP), (igihe bikenewe) imbere y'uko uja ku bandi
- Kuriha ibiciro vya mitiwere n'amahera ntarengwa igihe bikenewe
- Gusaba gusivya canke gushira ku yundi muni igihe udashobora kuja kuri porogaramu

Ayandi ma Porogaramu y'Ababa i Vermont

Ivyipfuzo vyo Kubaho n'Ingingo z'Intangamarara

Iyi ni impfunyapfunyo y'itegeko ry'Ingingo y'intangamarara rya Vermont (riri mu Mutwe wa 18, Igice ca 231) n'ico bisigura ku mugwayi:

“Ingingo y'intangamarara” ni urwandiko ruvuga uyo watoye akora kw'izina ryawe, uwuguha ubuvuzi bwa mbere, hamwe n'amategeko ngenderwako ku vyo wipfuzaga vyerekeye amagara yawe canke ubuvuzi. Rushobora kuba urupapuro ruha ububasha uyundi gufata ingingo ku buvuzi bwawe canke urupapuro rwerekana ivyipfuzo vyawe ku magara yawe. Amabwiriza ya mbere y'igihe uyahabwa k'ubuntu.

Abakuze bashobora gukoresha ingingo y'intangamarara kugira batange umwe canke abantu benshi hanyuma bamenyeshe ufise ububasha bwo gufata ingingo z'amagara yabo. Mu ngingo

yawe y'intangamarara, ushobora kuvuga ububasha umuntu afise, ubuvuzi ushaka n'ubwo udashaka, hanyuma ukavuga ukwo wipfuzza ingorane zisanzwe zitorerwa inyishu, nko gutunganya amaziko. Ingingo y'intangamarara ishobora kandi gukoreshwa mu gutora umuntu umwe canke benshi akora nk'umurinzzi igihe akenewe canke utore abantu utipfuzza ko bafata ingingo.

Igihe ukwo umeze kudashobora kukwemerera ko ufata ingingo ku buvuzi bwawe, kandi bikaba bitihuta, abavuzi ntibashobora kukuvura imbere y'uko bagerageza kuraba ko ufise ingingo z'intangamarara. Abatanga ubuvuzi bazi ko ufise ingingo y'intangamarara bategerezwa amabwirizwa y'umuntu afise uburenganzira bwo gufata ingingo ku buzima bwawe canke bagakurikiza ivyanditswe muri izo ingingo z'intangamarara.

Uwutanga mitiwere ashobora kwanka gukurikiza amategeko ari mu ngingo y'intangamarara ashingiye ku kurenga amategeko canke akarangamutima mu mabwirizwa. Ariko, igihe uwutanga mitiwere ahakanye, uwutanga ategerezwa kukubwira ivy'ayo matati, bishoboka, hanyuma uwariwe wese watoye kugira abikore ku gatwe kawe; afasha gutanga mitiwere yawe ku wundi ayitanga yemeye gushira mu ngiro amabwirizwa; atanga mitiwere ibandanya kugera uwutanga mushasha yabonetse kugira atange izo seruvise; hanyuma ashire muri kahise k'ubuvuzi bwawe ayo matati n'ukwo yatorewe inyishu.

Uwutanga mitiwere wese, ibitaro canke inzu yo kubamwo bashiraho amategeko kugira bamenye ko abarwayi bose bashiraho amabwirizwa akurikizwa mu buryo bwubaha amategeko n'amabwirizwa ya Reta yose.

Ushobora guhamagara Igisata c'Uruhusha rwo Gukora no Gukingira kuri at 1-800-564-1612 canke uje ku rubuga gutanga ikirego cerekeye umuntu atariko yubahiriza amategeko. Ushobora kurungika ikibazo candidse kuri:

Ubushakashatsi & Icerekana Kwitwara
Igisata c'Uruhusha rwo Gukora no Gukingira
HC 2 SOUTH
280 State Drive
Waterbury, VT 05671-2060

Ushobora kuronka amakuru yerekeye itegeko rya Reta, impapuro z'ivyipfuzo vya nyuma n'ivyipfuzo vyo kubaho mu guhamagara Ishami ry'Imbonazamubano rya Vermont kuri 802-828-2909 canke mu kuja ku murongo ngurukanabumenyi kuri www.vtethicsnetwork.org.

Umutwe wa 18 uboneka kuri <https://legislature.vermont.gov/statutes/chapter/18/231>. Ushobora kuronka ivya ngombwa ushaka canke ayandi amakuru mu kuja ku mirongo ngurukanabumenyi iri ku rutonde, mu kuganiriza uwuguha mitiwere canke mu guhamagara Igisata Kijejwe Kwitaho Abakiriya kuri 1-800-250-8427.

Gutanga Urugingo rw'Umubiri

Ushobora kuba wipfuzza gutanga ingingo zawe z'umubiri igihe witavye Imana. Umugiraneza umwe ashobora gufasha abantu benshi. Ushaka kumenya vyinshi, hamagara

1-888-ASK-HRSA (1-888-275-4772) TTY 1-877-4TY-HRSA (1-877-489-4772) canke uje ku rubuga ngurukanabumenyi kuri <https://www.hrsa.gov/> ku makuru ya gusa.

Gusangira Amakuru n’Uwuguha Mitiwere

Mu gufasha Uwuguha Mitiwere kumenya ko uronka mitiwere wategerezwa kuronka, dushobora kumuha amakuru, yerekeye urutonde rw’imiti uriko urafata, mu kwirinda ingaruka mbi ziva ku miti idafatirwa rimwe n’iyindi miti canke itajanye n’ukwo umerewe.

Icandiko c’Amategeko Agenga Ubuzima Bwite

Igihe watorwa kuba wemewe muri porogaramu zacu, wararonkejwe ikete rikumenyeshya ko wari wemewe. Iryo kete ryarimwo kopi y’Icandiko cacu c’Amategeko Agenga Ubuzima Bwite. Itegeko rya Reta, Itegeko Rigenga Gutunganya Gushasha no Kwiyemeza Ubwishingizi (HIPAA), risaba ko tuguha icandiko. Ico candiko kikumenyeshya ivyerekeye uburenganzira bukingira ubuzima bwite bwawe hamwe n’ukwo amakuru yerekeye ubuzima bwawe ashobora gukoreshwa cankegusangizwa. Igihe ukeneye ikopi yindi y’icandiko ushobora guhamagara Igisata Kijejwe Kwitaho Abakiriya.

Porogaramu y’Ubuziranenge

Green Mountain Care irafise porogaramu y’igenzura ifasha kumenya ko uronka ubufasha nyabwo mu baguha mitiwere.

Bimwe mu bintu turaba bifasha gupima akanovera k’ubuvuzi

- Ni imiti ingana gute abarwayi bakoresha
- Ni abanywanyi bangaha baronka ubufasha bwo kwikingira bwa minsi yose
- Ni abanywanyi bangaha bakoresha icumba c’ubufasha bwihuse igihe hatari ivyo kwihutira
- Ni gute abatanga ubuvuzi n’abitaho ubuzima bwo mu mutwe batunganya ubuvuzi
- Uburyo abanywanyi n’abavuzi banyuzwe na porogaramu zacu

Twashizeho amategeko ngenderwako mu gutanga ubuvuzi bwiza ku ngwara zimwe zimwe zidakira duhamagarira abavuzi gukurikiza kugira tunagure amagara.

Igihe wipfuzaga gutanga icyumviro c’uko twotunganya kundi porogaramu zacu no gukora kugirango zikore neza kuri wewe, hamagara Igisata Kijejwe Kwitaho Abakiriya. Ivyiyumviro vyanyu bizoshirwa mu bushishozi bwacu bw’ubuziranenge.

Ushobora kuronka amakuru yerekeye akanovera k’ubufasha butangwa n’ibitaro, inzu z’ubuvuzi hamwe n’abatanga ubuvuzi, hamwe n’ikopi y’amategeko ngenderwako y’ubuvuzi bwiza, mu kuja ku rubuga ngurukanabumenyi rw’Igisata c’Amagara ca Vermont www.greenmountaincare.org canke mu guhamagara ku Bajejwe Abakiriya kuri 1-800-250-8427.

Ingorane no Gutanga Ibirego

Hari vyinshi wokora igihe ufise ingorane zo kuronka urutonde rw'imiti canke igihe ufise ikirego. Ushobora guhamagara igihe cose Igisata Kijejwe Kwitaho Abakiriya kugira bagufashe. Igihe amahitamwo ari hano muni adatoreye inyishu ingorane zawe, ushobora kuja mu nzira yo kwungura ya Vermont. Ayandi makuru yerekeye iyo nzira ari ku rupapuro rwa 14 rw'igitabo mfashanyigisho.

Igihe Utemera Ingingo Yerekeye Inyungu Zawe za Farumasi

Igihe ufise Medicare PDP, ingingo nyinshi ku nyungu zawe zizofatwa nabo. Hamagara inomero y'Abajejwe Abakiriya iri inyuma y'ikarita ya karangamuntu ka mitiwere ya Medicare PDP kugira ubaze amakuru yerekeye ukwo wokwunguruza ingingo yafasha n'iyi porogaramu. Hano muni hari amakuru yerekeye ukwo kwunguruza bigenda igihe ufise Medicare PDP na VPharm.



Iyo Kwunguruza Vyanswe muri Medicare PDP yawe

Yoba Medicare PDP yawe yavuze ko itazoriha imiti yawe kubera yanse uruhusha rwa “prior authorization?” Imbere y'uko usaba VPharm kuyiraha, ubanza gukurikiza amategeko yo kwunguruza yose ubwa mbere ya Medicare PDP. Hari intambwe nyinshi zo kwunguruza kuri porogaramu z'imiti ya Medicare. Uzokenera kwunguruza kugera kuri buri rwego harimo **n'Ishirahamwe Ryigenga ry'Ubugenzuzi (IRE)**. Igihe IRE ibandaniye kwanka iyunguruza, ubwo uwuguha imiti asaba mitiwere yo muri VPharm. Azokenera guha VPharm ikopi y'urupapuro rwa IRE rumenyeshya kwanka iyunguruza.

Yoba Medicare PDP yawe yavuze ko itazoriha imiti yawe kubera “itari mu yirihwa?” Nimba ari uko ntikenewe *ko* uja mu rugendo rwo kwunguruza rwa Medicare Igice D. Uwukwandikira imiti azokenera kurungika ubusabe bwa mitiwere muri VPharm. Azokenera kwongerako icemezo kiva muri Medicare PDP kivuga ko imiti itazorihwa.

VPharm izokurungikira hamwe n'uwukurungikira imiti ingingo yayo ku busabe bwa mitiwere. Hamwe VPharm ifashe ingingo (yitwa “adverse benefit determination”) yo guhakana, kuyishira ku rugero ruto, kuyigabanya canke guhagarika inyungu, ushobora kandi gusaba ko iyo ngingo isubirwamwo. Raba muni ayandi amakuru yerekeye kwunguruza ingingo ya VPharm.

Kwunguruza ku Ngingo ya Vpharm yo Kwanka

Wibaza ko Ingingo ya VPharm Atari Yo? Intambwe ya Mbere ni ukumenya ico ushaka kwunguruza.

Kwunguruza mu kanywababo ni ugusaba DVHA kwihweza kandi iyo ngingo twafashe. Umuntu wo muri DVHA atari mu bafashe ingingo ya mbere arihweza ico kigazo hanyuma akakubwira ingingo bafashe. Ibi bavyita “kwunguruza mu kanywababo” Mu buryo ubwari bwo bwose, utegereza gukora ibi imbere y’uko usaba Kwumvirizwa mu Mburano.

Ufise iminsi 60 kugira wunguruze. Iminsi 60 itangurira kw’itariki DVHA yarungikiye icemezo kikumenyesha. Uwuguha mitiwere ashobora kugusaba kwunguruza igihe ubimusavye. Ushobora kwunguruza mu nyandiko canke kuri terefone.

Hari inzira zibiri zo kwunguruza:

1. Hamagara Igisata Kijejwe Abikiriya kuri 1-800-250-8427 **(TDD/TTY) 1-888-834-7898**
2. Rungika ikete kuri:

Igisata ca Vermont Health Access
Umugwi Ujejwe Iyunguruza muri Mitiwere
150 Pilgrim Park – 3rd Floor
Waterbury, VT 05671-4030

Twoba twarahagaritse inyungu za farumasi usanzwe uronka? Ushobora kugumana inyungu zawe mu gihe co kwunguruza ku kanywababo ariko utegerezwa kubisaba kugira ubandanye. Ufise iminsi 11 gusa yo gusaba ibi, canke imbere y’itariki y’ingingo nshasha iyariyo yose inyuma. Iminsi 11 itangura guhera itariki DVHA ikurungikiye icete kikumenyesha. Kugira ubandanye uronka serivisi wahora uronka, biba vyiza uhamagaye igisata kijejwe gufasha abakiriya kuri 1-800-250-8427.

Ni iki kiba mu kwunguruza bikorewe imbere mu kigo? DVHA izotegura inama yo kwiga kandi ingingo yayo. Ushobora kuba urimwo. Ushobora kwivugira canke uwundi akakuvugira. Uwuguha imiti ashobora kuvuga canke agaha amakuru DVHA. **Urashaka ubufasha?** Urashobora kuronka ubufasha bw’amategeko ku buntu ku Biro vy’Igisata cy’Ubufasha mu Mategeko c’Abafasha Abarwayi mu Mategeko kuri 1-800-917-7787 canke ukaraba <https://vtlawhelp.org/appeals-0>.

DVHA itegerezwa gufata ingingo y’ ukwunguruza mu minsi 30. Ukwunguruza bishobora gufata umwanya munini. DVHA ishobora gufata iyi minsi 14, ariko igihe gusa ishobora kugufasha (nk’akarorero, uwuguha imiti akeneye umwanya wundi kugira aguhe amakuru, canke ntushobora kuja mu nama canke muri porogaramu mu kiringo nyaco). Igihe gishoboka bizofata ni iminsi 44 kugira ngo icemezo gifatwe.

Urakeneye DVHA kugira ufate ingingo ku kwunguruza vyihuse? Tubwire ko kurindira bizogira ingaruka mbi ku magara yawe canke ku buzima bwawe. Igihe DVHA ifashe ingingo ko ufise uburenganzira bwo kwunguruza vyihuse (vyitwa “kwunguruza vyihuse”), uzoronka ingingo yafashwe mu masaha 72. DVHA ishobora guteba igihe iba ishobora kugufasha. Umwanya munini ubusabe bumara ni iminsi 17.

Haba iki igihe utemeranya n’ingingo yafashwe mw’ibanga? Ushobora gusaba Kwumvirizwa mu Mburano. Raba hasi ku yandi makuru.

Kwumviriza mu Mburano ku Cemezo co Kwanka ca DVHA Ntiwemera Ingingo zavuye mw’Iyunguruza Ryakorewe Imbere? Ushobora gusaba Kwumvirizwa mu Mburano.

Umukozi ajejwe kwumviriza abantu mu gisata kijejwe Serivisi z’Abantu azokwumviriza ikibazo cawe. Bemeza ko DVHA yafashe ingingo nyayo.

Mu buryo ubwari bwo bwose, utegereza guheza inzira yo kwunguruza mw’ibanga ya DVHA imbere y’uko usaba Kwumvirizwa Bikorwa na Reta (vyitwa “exhaustion”). Ariko, hamwe DVHA idafashe ingingo ku kwunguruza kwawe kwo mw’ibanga imbere y’ikiringo, ushobora gusaba Kwumvirizwa mu Mburano utarindiriyeye ingingo ifatwa.

Ufise iminsi 120 yo gusaba kwumvirizwa n’Igisata ca Reta Kijejwe Kwumviriza Abantu. Iminsi 120 itangura uherye itariki DVHA yakurungikiye ingingo yafashe mw’iyunguruza ryakorewe imbere.

Hari inzira zitatu zo gusaba Kwumvirizwa n’Igisata ca Reta Kijejwe Kwumviriza Abantu:

1. Hamagara Igisata Kijejwe Kwitaho Abakiriya kuri 1-800-250-8427 canke hamagara Uburongozi Bujejwe Serivisi z’Abantu ubwo nyene kuri 802-828-2536
2. Rungika ikete kuri: Uburongozi Bujejwe Serivisi z’Abantu, 14-16 Baldwin Street, 2nd Floor, Montpelier, VT 05633-4302
3. Rungika imeyiki kuri: AHS.COHSBContact@vermont.gov

Twoba twarahagaritse inyungu za farumasi usanzwe uronka? Ushobora kugumana izo nyungu mu gihe co Kwumvirizwa mu Mburano. Utegerezwa kubisaba mu minsi 11. Iminsi 11 itangura uherye itariki DVHA yakurungikiye ingingo yafashe ku kwunguruza kwawe mw’ibanga. Kugira ubandanye uronka serivisi wahora uronka, biba vyiza uhamagaye igisata kijejwe gufasha abakiriya kuri 1-800-250-8427.

Haba iki mu Gisata ca Reta Kijejwe Kwumviriza Abantu? Uwumviriza mu Burongozi bwa Serivisi z’Abantu azotegura inama yo kwihweza kandi ingingo ya DVHA. Ushobora kuba urimwo. Ushobora kwivugira canke uwundi akakuvugira. Uwuguha ubuvuzi ashobora kuvugisha canke guha amakuru ku muntu ajejwe kukwumviriza. **Urashaka ubufasha?** Urashobora kuronka ubufasha bw’amategeko ku buntu ku Biro vy’Igisata c’Ubufasha mu Mategeko c’Abafasha Abarwayi mu Mategeko kuri 1-800-917-7787 canke <https://vtlawhelp.org/fair-hearing-how-prepare-what-expect>

Uburongozi bwa Serivisi z’Abantu butegerezwa gufata ingingo ku rubanza rwawe mu minsi 90 guhera itariki wasabiyeko kwumvirizwa mu mburano.

Urakeneye uwukwumviriza mu mburano kugira afate ingingo yihuse? Tubwire ko kurindira bizogira ingaruka mbi ku magara yawe canke ku buzima bwawe. Igihe ufise uburenganzira bwo Kwumvirizwa mu Mburano Vyihuse (yitwa “Kwumvirizwa mu Mburano Vyihuse”), uzoronka ingingo mu minsi itatu y’imirimo.

Kubandanya Inyungu za Farumasi

Tukubwira hejuru ko inyungu za farumasi zawe ziguma ari za zindi mu gihe wunguruje mw’ibanga kandi inzira yo Kwumviriza mu Gisata ca Reta igihe ubisavye mu minsi 11.

Ibindi bintu ukwiye kumenya vyerekeye kubandanya inyungu za farumasi:

- Igihe warishe inyungu zawe, uzorihwa igitigiri warishe iyo kwunguruza canke utsinze.
- Igihe Reta yarishye inyungu zibandaniye hanyuma ugatsindwa, ushobora gutegerezwa kuriha amahera y’inyungu waronse mu gihe co kwunguruza.
- Ushobora gusaba ibandanya ry’inyungu igihe usavye kwunguruza canke Kuburana.
- Iyo serivisi ntishobora kubandanya iyo kwunguruza canke kuburana yerekeye inyungu yaheze canke yagabanutse kubera ihinduka ry’itegeko rya Reta canke rya Reta zunze ubumwe.
- Igihe Iburana Ryawe yerekeye amahera yawe ya mitiwere, utegerezwa kuriha amahera yose imbere y’itariki canke imbere yaho ikiringo ca mitiwere yawe gishererako. Uzosubizwa amahera wangenze igihe utsinze imburano zawe.

Ikirego

Ikirego kitumenyeshya ko wibaza ko utafashwe neza, canke ko utemera ibintu bimwe bimwe, nk’urugendo ruri hagati yawe n’uwukuvura, umwanya bigutwara kugira ugereye, ukwo wafashwe n’abakozi, akanovera k’ubuvuzi wahawe, canke ingaruka mbi zakubayeko inyuma yo kuronka uburenganzira bwawe. Ushobora gutanga ikirego igihe cose ushaka. Umuntu atagize uruhara mu vyakubayeko azoshingwa ikirego cawe. Ikigo kizokurungikira ikete ryerekeye ivyo bashinze mu minsi 90.

Hari inzira zibiri zo gutanga ikirego:

1. Hamagara Igisata Kijejwe Kwitaho Abakiriya kuri 1-800-250-8427
2. Rungika ikete kuri:

Igisata ca Vermont Health Access
Umugwi Ujejwe Iyunguruza muri Mitiwere
150 Pilgrim Park – 3rd Floor
Waterbury, VT 05671-4030

Igihe wujuje Ikirego kandi ukaba utashimye umwihwezo wacu, ushobora gusaba Gusubira kwihweza Ikirego. Umuntu yigenga azokwihweza ico Kirego kugira amenye neza ko intambwe zose z’Ikirego zakurikijwe. Uzoronka ikete n’ivyavuye mw’isuzuma

Yaba wewe canke uwuguha imiti ntimushobora kuvyisunga kugira mwunguruze canke mutange Ikirego muri Green Mountain Care. Ushaka ubufasha ku Kirego canke kwunguruza, abakozi ba Green Mountain Care bashobora kugufasha – bisabe gusa. Ushobora gusaba umuntu wo mu muryango, umugenzi canke uyundi muntu (nk’uwuguha imiti) kugufasha gusaba kwunguruza canke Kuburana, canke kumenyesha Ikirego. Uzokenera kubibwira Reta ko ushaka umuntu abikora mu gishingo cawe. Uyo muntu ashobora kandi kuguserukira muri ico gihe. Igihe utazi ico wokora kuri kimwe cose c’ubwo busabe, canke ushaka ubufasha ku ntambwe iyariyo yose, hamagara Igisata Kijejwe Kwitaho Abakiriya kuri 1-800-250-8427 usabe ubufasha. Ushobora kwegera Ibiro vy’Abajejwe Gufasha abarwayi mu Mategeko kuri 1-800-917-7787 canke <https://vtlawhelp.org/health> ku bufasha.

Gusaba Kworoherezwa

Igihe uri muri Porogaramu ya VPharm kandi ukaba ufise ingorane zo kwiyandikisha canke kuronka mitiwere yo muri Medicare PDP yawe nshasha, ukwiye guhamagara Medicare PDP (canke ugasaba umuntu wizera kubaguhagarira). Kora ivyo ushoboye vyose kugira utorere inyishu ingorane ufitanye na Medicare PDP. Igihe ivyo bidakunze kandi kutaronka imiti bishobora kukubabaza cane, ushobora kohereza Ubusabe bw’Impamvu Nziza n’Amagorwa muri Vermont kugira uronke ubufasha bwo kuronka imiti yawe kugeza ingorane yawe na porogaramu ya Medicare PDP itorewe inyishu. Mu gukora ivyo, hamagara Igisata Kijejwe Kwitaho Abakiriya kuri 1-800-250-8427.

Urashaka ubufasha?

Igisata Citaho Abakiriya ca Vermont Health Connect na Green Mountain Care

Igisata Kijejwe Kwitaho Abakiriya muri Vermont Health Connect na Green Mountain Care kirahari kugira bagufashe. Bashobora kwishura ibibazo vyerekeye porogaramu yawe kandi bakagufasha igihe ufise ingorane zo kuronka ubuvuzi.

Abakozi b'Igisata Kijejwe Kwitaho Abakiriya bahari guhera 8:00 zo mu gitondo kugera 4:30 zo ku mugoroba. Kuwa Mbere kugera Kuwa Gatanu (Ntibakora iminsi y'akaruhuko).

Impinduka Muri Raporo

Usabwa gutanga raporo ibi bihinduka mu minsi 10:

- Impinduka mu mahera canke muhira
- Impinduka z'Aho uba
- Ivuka canke kwiyemeza kurera umwana
- Kwitaba Imana
- Mitiwere Yindi uronka

Ibiro Bijewe Gukurikirana Ibibazo vy'Ubuuzi (HCA)

Ibiro by'Igisata Kijejwe Gufasha Abarwayi mu Mategeko birahari kugira bigufashe ku ngorane zerekeye amagara yawe n'inyungu zawe. Ibiro vya HCA bishobora kugufasha gutanga Ikirego, kwunguruza muri DVHA, n'Imburano. Ushobora guhamagara ibiro vy'Igisata Kijejwe Gufasha Abarwayi mu Mategeko kuri 1-800-917-7787 canke <https://vtlawhelp.org/health>

Ayandi makuru

Tunezererwa no gutanga amakuru ku banywanyi ivyerekeye porogaramu zacu, serivise, n'abazitanga. Ku birenze ku biri muri iki gitabo mfashanyigisho, ushobora kuronka amakuru nk'aya:

- Urutonde rw'abatanga imiti aho utuye bari muri porogaramu zacu
- Amategeko n'amabwirizwa ya Porogaramu
- Integuro yo Kuduza Akanovera
- Amakuru akwiye yerekeye serivise ziri muri mitiwere

Ushobora kandi gusanga ibisabwa muri porogaramu hamwe n'inyungu ku rubuga kuri www.greenmountaincare.org.

Ayandi ma Porogaramu Atari Aya Farumasi

Hari ayandi ma porogaramu n'ama serivisi ahari ku bana, abakuze n'imiryango. Kwiyounguruzwa uja kuri izi serivisi bishobora gukunda bivanye na porogaramu urimwo. Ku yandi makuru yerekeye kwemererwa kwiyounguruzwa, hamagara Ikigo Kijejwe Abakiriya. Ayo ma porogaramu amwe amwe afise ibindi bisabwa kugira wemererwe. Igihe ufise ibibazo canke ushaka kumenya ko wemerewe, hamagara nimeru ya porogaramu nyezina iri ku rutonde munsu.

Serivisi za Adult Day

Serivisi za Adult Day ni umugwi wa serivisi zifasha abo mu za bukuru hamwe n'abashaje bafise ubumuga kuguma bigenga iwabo mu buryo bushoboka. Serivisi za Adult Day zitangirwa ku bigo vy'aho babaye zigatanga imibereho itekanye aho abantu baronka serivisi z'amagara n'imibano myiza. Ku yandi makuru, hamagara Igisata Kijejwe Abagendana Ubumuga, Abageze mu za Bukuru n'ababa mu Buzima bw'Umwidegemvyo (DAIL) kuri (802) 241-2401, ku bwa Servisi Ishinzwe Itumanako: Hamagara 711 canke ugende kuri <https://asd.vermont.gov/services/adult-day-services>.

Porogaramu Itanga Serivisi z'Imibereho Myiza

Iyi porogaramu ifasha abo muza bukuru bamugaye bipfuzwa ubufasha bw'umubiri mu bikorwa vya minsi yose mu kubaha imibereho myiza. Abaja muri iyo porogaramu baha akazi, bakigisha, bagacunga, kandi bagashira ku kirangaminsi abo bafasha. Ku yandi makuru, hamagara Igisata Kijejwe Abagendana Ubumuga, Abageze mu za Bukuru <https://asd.vermont.gov/services/attendant-services-program> n'ababa mu Buzima bw'Umwidegemvyo (DAIL) kuri (802) 241-2401, kuri Servisi Ishinzwe Itumanako: Hamagara 711 canke ugende kuri <https://asd.vermont.gov/services/attendant-services-program>.

Serivisi Zifasha Abana (CIS)

CIS ifasha abagore bibungeze canke bibarutse hamwe n'imiryango ifise abana kuva bakivutse kugera ku myaka itandatu. Abagize iyo migwi bafise ubunararibonye mu bikorwa vy'imibano n'ugufasha imiryango; amagara y'abana no kurera abana, iterambere ry'umwana n'ubufasha bw'abana bato, amagara yo mu mutwe y'abana n'imiryango; kwitaho abana; hamwe n'ubundi bunararibonye (uturorero, imirire, kuvura imvugo n'indimi). Ku yandi makuru, hamagara Igisata Kijejwe Abana n'Igisata Kijejwe Iterambere ry'Abana n'Imiryango kuri

(802) 241-3110 canke 1-800-649-2642 canke raba kuri <https://dcf.vermont.gov/child-development/cis>.

Serivisi Zifasha Abana – Ubufasha bwa Mbere (CIS-EI)

Iyi ni porogaramu y’umwihariko ku bana bari muni y’imyaka 3 bafise ubumuga canke babaye inzingo. Iha abana, inzoya n’imiryango serivisi z’ubufasha bwa mbere. Ku yandi makuru, ja ku rubuga www.dvha.vermont.gov/members canke uhamagare 1-800-800-4005.

Serivisi Zifasha Abana

Serivisi Zifasha Abana ni serivisi iha ubufasha bugaragara mu Bana Bakeneye Ubufasha Bwihariye Bw’Amagara (CSHN) – ni serivisi ya Medicaid ihari ku bantu bari muni y’imyaka 21 bafise ubumuga buboneka kandi bw’umwanya munini amagara afise ingaruka ku gukura kujanye n’imyaka hamwe n’ubushobozi bwo gukora ibikorwa vyo mu buzima bwa minsi yonse (ADL). Umugambi wa Serivisi Zifasha Abana (CPCS) itanga ubundi bufasha ku mwana. Ushaka ayandi makuru, hamagara 1-(800)-660-4427 canke (802)-863-7338 canke uje ku rubuga <https://www.healthvermont.gov/children-youth-families/children-special-health-needs/personal-care-services>.

Amavuriro Abana Bakeneye Ubufasha bw’Ubuwuzi bw’Umwihariko (CSHN)

Iyi porogaramu itanga serivisi zo gutunganya ubuwuzi no kwitaho abana bakeneye ubuwuzi bw’umwihariko. Zifasha kandi kuriha ubuwuzi butarihwa n’ubwishingizi canke na Muganga Dynasaur. Hamagara Igisata c’Amagara ca Vermont kuri 1-(800)-660-4427 canke (802)-863-7338 canke uje kuri <https://www.healthvermont.gov/family/special-health-needs>.

Choices for Care

Choices for Care ni porogaramu ndende y’ubuwuzi iriha ubuwuzi ikongera igafasha abari mu za bukuru ba Vermont n’abantu bafise ubumuga. Iyo porogaramu ifasha abantu basanzwe bakorera i muhira, mu gutunganya neza aho baba, canke mu kuronka ikigo citaho abo mu za bukuru. Abatanga ubuwuzi ni Ibigu vy’Abantu Bakuze, Ibigu Vyitaho Abageze mu za Bukuru, Ibigu Bifasha Abantu kubaho, Ibigu bifashiriza abantu muhira, Ibigu Bifasha Abantu Bashaje n’Ibindi Bivurira Abantu mu Ngo zabo. Ku yandi makuru, hamagara (802) 241-0294 canke uje kuri <https://asd.vermont.gov/services/choices-for-care-program>.

Serivisi zifasha Abafise Ubumuga bwo Kudakura

Serivisi zifasha abafise ubumuga bwo kudakura zifasha ko abafise imyaka iyariyo yose bafise ubumuga zo kudakura baguma i muhira n’umuryango wabo. Serivisi zirimwo gutunganya urubanza, serivisi z’akazi, imfashanyo y’abanyagihugu, no kuruhuka. Abavuzi bategerezwa kuba ari abatanga serivisi zo gutera imbere canke Amashirahamwe Ya Serivisi yo Hagati y’abantu bitunganiriza serivisi. Ku yandi makuru, hamagara Igisata Kijejwe Abamugaye, Abo

Muza Bukuru n’ababa mu Buzima bw’Umwidegemvyo (DAIL) kuri (802) 241-0304 canke uje kuri <https://ddsd.vermont.gov/>.

Porogaramu yo Gufasha mu Buryo Bw’Amafaranga

Porogaramu yo ku bushake ishobora gufasha imiryango kuriha amahera y’inyuma y’ubwishingizi bw’abana babo igihe serivisi zasabwe canke zahawe uruhusha imbere biciye kuri Porogaramu y’ubuvuzi ya CSHN. Hamagara Igisata c’Amagara ca Vermont kuri 1-(800)-660-4427 canke (802)-863-7338 canke uje ku rubuga <https://www.healthvermont.gov/children-youth-families/children-special-health-needs/care-coordination>.

Ubufasha bw’Umuryango

Ubufasha bw’Umuryango ni iy’abantu b’imyaka iyariyo yose bafise ubumuga bwo kudakura kandi babana n’umuryango, canke ni iy’imiryango ibana kandi ifasha umunyamuryango afise ubumuga bwo kudakura. Iyi porogaramu yemeza ko imiryango nk’ababitaho itanga aho baba heza kandi hafasha abana n’abakuze bafise ubumuga bwo kudakura. Amahera ashobora gukoreshwa mw’ibanga ukwo umuryango ubishaka kuma serivisi kandi ifasha umuntu ku gatwe hamwe n’umuryango. Abatanga serivisi ni abatanga serivisi zo kuvura ukudakura (Ibigo Vyabigenewe). Ku yandi makuru, hamagara Ishami rya Serivisi z’Iterambere ry’Igisata Kijejwe Abagendana Ubumuga, Abageze mu za Bukuru n’ababa mu Buzima bw’Umwidegemvyo (DAIL) kuri (802) 241-0304 canke uje ku rubuga <https://ddsd.vermont.gov/flexible-family-funding>.

Ubufasha Bukoresha Ubuhinga bwa None

Porogaramu y’Ubufasha Bukoresha Ubuhinga bwa None ni porogaramu ifasha abantu bakoresha ubuhinga bwa none kugira babandanye kubaho canke bakeneye ubufasha bw’ubuvuzi bw’umwihariko. Ihangiro ni ugufasha mu gukura mu bitaro canke ikindi kigo gifasha kugira baje iwabo hamwe no kurinda kubashira mu bigo vy’umwihariko. Ku yandi makuru ku bantu barenza imyaka 21, hamagara Igisata Kijejwe Abagendana Ubumuga, Abageze mu za Bukuru n’ababa mu Buzima bw’Umwidegemvyo (DAIL) kuri (802) 241-0294 canke uje kuri <https://asd.vermont.gov/services/adult-high-technology-services>.

Porogaramu Ifasha Abana Ikoresha Ubuhinga bwa None ni iy’abana bakeneye ubufasha bw’umwihariko ku magara yabo ku bantu bari muni y’imyaka 21. Ushaka ayandi makuru, hamagara 1-(800)-660-4427 or (802)-863-7338 canke uje ku rubuga <https://www.healthvermont.gov/children-youth-families/children-special-health-needs/high-tech-nursing>.

Serivisi zirebana n'Uburaro

Porogaramu ya Vermont Ijejwe Uburaro ifasha abantu bafise imyaka 18 n'iyirenga kandi bafise ubumuga bukeneye ubufasha bujanye n'ivyankenerwa canke ibikenewe mu nzu kugira babeho neza. Serivisi zirimwo kugura, gukoropa, no kumesa. Serivisi zifasha abantu kuba iwabo mu mwidgemvyo mu buzima bwiza kandi butekanye. Abazitanga ni Ibigyo Vyitaho Amagara y'Abari mu Ngo. Ku yandi makuru, hamagara Igisata Kijejwe Abagendana Ubumuga, Abageze mu za Bukuru n'ababa mu Buzima bw'Umwidgemvyo (DAIL) kuri (802) 241-0294 kugira [Serivisi Ishinzwe Itumanaho](#): Hamagara 711 canke uje kuri <https://asd.vermont.gov/tags/homemaker>.

Ubuwuzi Bw'Umwihariko

Ubu ni uburi mu bisata vyose, ubuwuzi bw'abana, butunganywa na canke bukorwa n'abakora mu buwuzi n'imibereho myiza y'abanyagihugu, bikaba bitanga sisitemu yagutse, yitaho imiryango, itunganijwe neza y'ubuwuzi bwihuse. Ubu buwuzi bwihariye mu Kuvura Imitima; kudakura kw'umwana; Craniofacial/Cleft Lip na Palate; Cystic Fibrosis; Intandara; Ukuboko; Ingwara ya Rubagimpande, Metabolic; Myelomeningocele; Ingwara y'Imitsi, Amagufa, Rhizotomy, hamwe n'izindi ngwara. Hamagara Igisata c'Amagara ca Vermont kuri 1-(800)-464-4343 canke (802)-863-7200 canke uje kuri <https://www.healthvermont.gov/>.

Serivisi Z'Umwihariko

Abaforoma canke abakora mu mibereho myiza ba CSHN bari mu biro vy'akararere mu Gisata C'Amagara mu ntara bafasha mu gutanga no gutunganya ubuwuzi bw'umwihariko butahari biciye mu buwuzi bwihuse bwa CSHN. Hamagara Igisata ca Vermont Kijejwe Amagara kuri 1-(800)-464-4343 canke (802)-863-7200 canke uje kuri <https://www.healthvermont.gov/>

Porogaramu Ivura kandi Isuzuma Hakiri Kare Kwumva ya Vermont

Porogaramu Ivura kandi Isuzuma Hakiri Kare Kwumva ya Vermont (VTEHDI) itanga ubufasha, gutegura inyigisho hamwe no kwitaho abandi ku miryango n'impinja zabo, n'abakozi b'aho babaye. Uku gufatanya gufasha kurungika ku gihe abipfuzwa kwipimisha hamwe na serivisi zo gufasha kare. Ku yandi makuru kuri izi porogaramu, hamagara 1-(800)-537-0076 canke (802)-651-1872 canke uje kuri <https://www.healthvermont.gov/family/health-care/hearing-health>.

Ubuzima bwo mu Mutwe

Reta ya Vermont ikorana n'ibigo vyabigenewe muri reta mu gutanga serivisi z'ubuzima bwo mu mutwe ku bantu n'imiryango ifise ingorane z'umubabaro urenze urugero, ingwara zo mu mutwe, canke ingorane z'imyitwarire ishobora kugira ingaruka mbi ku buzima bwabo. Serivisi zihinduka kuva ku kigo kugera ku kindi, ariko porogaramu zose zihari ku bigo vyose vyabigenewe. Abahuzabikorwa kuri buri rubuga bakorana n'abantu kugira bamenye


porogaramu na serivisi zihari kugira bashobore guha ivyo umuntu wese akeneye. Vyongeye, ibigo vyabigenewe bitanga kugera kuri serivisi zikenewe muri reta kugira batange ubuvuzi bubandanya, bwihuta canke bukorerwa mu bitanda bisubirira ibitaro, hamwe n'ubuvuzi bwo mu bitaro. Kugera ku Kigo Kijejwe Amagara yo mu Mutwe, hamagara (802) 241-0090 canke raba kuri www.mentalhealth.vermont.gov.

Ubufasha Buhari 24/7

Kuva Ku Mubabaro Kugera Ku Ngwara
Hamagara 988 canke Andika VT
to 741741

Gufashanya
Hamagara/Andikira 833-888-2557

Vyinshi kuri Mentalhealth.vermont.gov



Serivisi Z'Abakuze Batarara

Iyi porogaramu ita serivisi zihinduka bitewe n'ikigo, kandi n'intonde zo kurindira zikunda kuba zihari. Serivisi zishobora kubamwo gusuzuma, kugira inama, kuvura, gukurikirana, hamwe na serivisi ku bantu bafise imyaka mirongo itandatu n'iyirenga bakeneye ubufasha bwo kuvura ingwara zo mu mutwe. Serivise zimwe zimwe zihari biciye ku batanga ubuvuzi bikorera, kandi abantu bamwe bamwe bashobora gutwarwa n'abandi kuri bo. Kugera ku Kigo Kijejwe Amagara yo mu Mutwe, hamagara (802) 241-0090 canke raba kuri www.mentalhealth.vermont.gov.

Serivisi z'Abana, Imiyabaga, n'Imiryango

Iyi porogaramu itanga serivisi z'ubuvuzi kandi zifasha imiryango kugira abana n'imiyabaga bafise ingorane z'amagara yo mu mutwe bashobore kubaho, kwiga, no gukura bafise amagara meza kw'ishure ryabo, n'aho babaye. Izo serivisi zirimo gupima, serivisi zo kwirinda, ubufasha bw'abanyagihugu, kuvura, kugira inama, no gutorera inyishu ibihe bitoroshe. Kugera ku Kigo Kijejwe Amagara yo mu Mutwe, hamagara (802) 241-0090 canke raba kuri www.mentalhealth.vermont.gov.

Gusubiza mu Buzima Busanzwe no Kuvura

Iyi porogaramu itanga serivisi zo kuvura ingwara zo mu mutwe z’aho babay kugira bafashe abantu kubaho mu bwigenge bukwiye aho babaye mu miryango, abagenzi, hamwe n’ababanyi. Serivisi za CRT yuzuye ziboneka gusa ku bari mu za bukuru bafise ingwara zo mu mutwe zikomeye kandi zibandanya zapimwe neza bujuje n’ibindi bisabwa harimwo ukwo serivisi zikoresha na kahise k’ibitaro, ukwo ubumuga bumeze, hamwe n’ubumuga butagenda neza. Kugera ku Kigo Kijejwe Amagara yo mu Mutwe, hamagara (802) 241-0090 canke raba kuri www.mentalhealth.vermont.gov.

Serivisi zihutirwa

Iyi porogaramu itanga serivisi zitaho ingwara zo mu mutwe amasaha mirongo ibiri n’ane ku munsu, iminsi indwi mw’iyinga ku bantu, amashirahamwe, n’aho babaye. Serivisi zikenewe zihuta zishobora kuba zirimo ubufasha bwa terefone, gusuzuma imbonankubone, kurungika, no kuvura.

Porogaramu yo Kuvura Ubwonko Bwakomeretse

Iyi porogaramu ifasha Abanyagihugu ba Vermonters bafise imyaka 16 canke irenga batowe ingwara y’ikomereka ry’ubwonko. Imenyereza canke ikavana abantu mu bitaro canke mu mavuriro ikabashira aho abandi babaye. Iyi ni porogaramu yo gusubiza mu buzima busanzwe, yo guhitamwo ifise intumbero yo gufata mu mugongo abantu kugira bagere ku bwigenge nyabwo yongere ibafashe gusubira ku kazi. Ku yandi makuru, hamagara Igisata Kijejwe Abagendana Ubumuga, Abageze mu za Bukuru n’ababa mu Buzima bw’Umwidge myo (DAIL) kuri (802) 241-0294 kugira [Serivisi Ishinzwe Itumanaho](#): Hamagara 711 canke uje kuri <https://asd.vermont.gov/services/tbi-program>.

Porogaramu y’Abakenyezi, Ingimbi, n’Abana (WIC)

WIC ni porogaramu y’ingaburo itanga imfungurwa zitandukanye, yigisha ivy’ingaburo, gufasha kwonsa ku bantu bibungenze, canke baronse uruhinja, hamwe n’impinza canke abana kugera ku myaka 5. Umwe wese muri Medicaid yemerewe muri porogaramu ya WIC. Ku yandi makuru no gusaba kwiyandikisha kuri WIC ku murongo ngurukanabumenyi, ja kuri www.healthvermont.gov/family/wic canke wandike amajambo VTWIC kuri 855-11.

Ibikoresho vy’Inyongera Aho Uba

Amakuru yerekeye ivya nkenerwa aho uba ashobora kuboneka kuri www.vermont211.org.

Menya neza! Ukeneye ubufasha bw'ururimi, hamagara 1-800-250-8427

انتباه! إذا كنت بحاجة إلى مساعدة بلغتك ، فيرجى الاتصال على 1-800-250-8427

Pažnja! Ako vam je potrebna pomoć na vašem jeziku, pozovite 1-800-250-8427

သတိပြုရန်! မိတ်ဆွေသည် သင့်ဘာသာစကားဖြင့် အကူအညီ လိုပါက၊
ကျေးဇူးပြုပြီး 1-800-250-8427 ကိုခေါ်ပါ။

توجه! اگر شما نیاز به کمک در زبان خود، لطفاً با شماره تلفن 1-800-250-8427

Attention! Si vous avez besoin d'assistance dans votre langue, appelez le 1-800-250-8427

Nurabe maso! Niba ukeneye ubufasha mu rurimi rwawe, wahamagara kuri 1-800-250-8427

ध्यान! यदि तपाईंलाई आफ्नो भाषामा मद्दत चाहिन्छ भने, कृपया 1-800-250-8427 मा कल गर्नुहोस्

پاملر نه! که تاسو په خپله ژبه کې مرستې ته اړتیا لرئ، مهرباني وکړئ 1-800-250-8427 ته زنگ ووهئ

Ogow! Haddii aad u baahan tahay in lagugu caawiyo luqaddada, fadlan wac 1-800-250-8427

¡Atención! Si necesita ayuda en su idioma, por favor llame al 1-800-250-8427

Muhimu! Kama wahitaji usaidizi kwa lugha yako, tafadhali piga simu 1-800-250-8427

Uvaha! Yakshcho vam potribna dopomoha vashoyu movoyu, telefonuyte za nomerom
1-800-250-8427